Bhaibheri re vana
Rikukupai

Tozoonana
Farao

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Janie Forest; Alastair Paterson

Rakatorwa na: Lyn Doerksen

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org
©2021 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Farao akatsamwa.
Mwari vakanga vataura
nokuda kwaMozisi
kuti aregere vana
veIsiraeri kuti
vabude kubva
munyika yeIjipita.

Asi Farao akaramba.
Farao akarayira vashandi vake achiti, “Itai kuti vaIsirareri vashande zvikuru.”

Naizvozvo upenyu
hwakanga
hwaomera
vanhu veIsiraeri.



Farao akataura achiti, “Endai munozviuganidzira uswa hwenyu mega. Isu hatichakupei uswa. Asi tinoda kuti mugadzire zvidhinha zvakawanda.”

Vatariri vemabasa vaFarao vakarova vamwe vaIsiraeri ...

... nokuti vakanga
vasina kugadzira
zvidhinha zvakawanda.

Vanhu
vakapopotera
Mozisi
naAroni.
Mozisi
akawana

nzvimbo
yokunamata.

Akanamata achiti, "Nhai Mwari. Ko nei musina kununura vanhu venyu?"

Mwari akapindura achiti, “Ndini Mwari wenyu, uye ndichakubudi
sai munyika yeIjipita.”

Naizvozvo, Mwari wakatuma Mozisi naAroni

kuti vadzokere kuna Farao.

Farao akavataurira kuti vamuratidze chishamiso

chaMwari.

Ipapo, tsvimbo yaAroni yakashanduka kuita nyoka.

Farao akataura achiti, “Danai vakachenjera venyika ino.”

Vakachenjera vakakandawo tsvimbo dzavo pasi dzichibva dzashanduka kuita nyoka.

Asi nyoka yaAroni yakamedza nyoka dzimwe dzose. Asi Farao haana kutendere vana veIsiraeri kuti vaende.

Mangwanani akatevera Mozisi naAroni vakasangana naFarao kurwizi.

Aroni akatambanudza tsvimbo yake, Mwari achibva ashandura rwizi kuita ropa.

Hove dzakanga dziri murwizi dzakafa uye vanhu havana kukwanisa kumwa mvura iyi.

Asi Farao akaomesa moyo wake. Haana kutendera vana veIjipita kuti vaende.

Zvakare, Mozisi akaudza Farao kuti arege vanhu vaende.

Farao akaramba. Mwari vakatumira chimwe chishamiso. Nyika yose yIjipita ...

... yakazadzwa namatatya. Dzimba
dzose dzakanga dzazara
nematatya.
Farao akati,
"Ndinamatirei
kuti Mwari
vabvise matatya
aya. Ndinobva
ndaregera
vana veIsiraeri
kuti vaende."

Asi mushure mokunge matatya aenda, Farao akashandura pfungwa dzake. Haana kubvumira vana veIsiraeri kuti vaende.

Naizvozvo, Mwari wakatumira zvipuka zvidokodoko.

Vanhu vose vakarumwa vachibva vatanga kuvawiva. Asi Farao haana kutendera vana veIsiraeri kuti vaende.





Mushure maizvozvo, Mwari vakatumira nhunzi dzakawanda kwazvo.



Mwari akatumira
zvirwere
zvakauraya
mhuka dzevanhu
vemuIjipita.



Vanhu vakanetsekana zvikuru asi Farao haana kutendere vana veIjipita kuti vaende.

Mushure
mokunge
nguva
yemota
pamuviri
yapera, ...

... Mwari vakatumira mhashu dzakakazadza nyika yose.

Mhashu dzakadya
zvirimwa zvose
zvakanga
zviri
munyika iyi.

Mwari wakaita kuti nyika
yose isava nechiedza
kwamazuva matatu. Asi
Farao akaomesa
moyo wake. Haana
kurega vana
veIsiraeri
kuti vaende.

Mari akataura akati,
“Ndichaunza
rimwe
dambudziko
zve pamusoro
peIjipita.
Pakti peusiku
ndichafamba
pakati
peIjipita.



Madangwe ose munyika achafa kutanga padangwe romunhu kusvika padangwe rezvipfuyo.”



Mwari akaudza vana veIsiraeri kuti dangwe ravo richararama vakaisa ropa rehwai pamusuwo weimba yavo.



Pakati peusiku,
kuchema kukuru
kwakanzikwa
munyika yeIjiita.
Munhu mumwe
chete akanga
afa muimba
yega yega.

Farao akati kuna Mozisi, “Budai munyika yedu.

Endai
munonamata
Mwari
wenyu.”

Vana veIsiraeri vakakurumidza kutora zvinhu zvavo vachibva vabuda munyika yeIjipita.

Mwari akaudza Mozisi kuti
varangarire musi
wavakanga
vabuda munyika yeIjipita
nokuti ngirozi yaMwari yakanga
yavaponesa
payakapfura
nepadzimba dzavo
vari muIjipita.

Kuzoti makore anoita
zana remana nemakumi
matatu apfura kuIjipita, Vanhu
vaMwari vakanga vasunungurwa.

Mwari akavatungamirira neshongwe regore masikati, ...

akavatungamirira neshongwe romoto manheru.

Asi Farao akanga
asina kufara
nokuenda kwevana
veIsiraeri. Zvakare,
akakanganwa
Zvakanga zvaitwa
naMwari, achibva
ashundura ...

... pfungwa dzake.
Akaunganidza
mauto ake ose,
achibva atanga
kudzingirira
vana veIsiraeri.

Asi vakasvika
pavakanga
vasinga kwanise
kupfura,
vachibva vamira
murenje pakati
pematombo
mazhinji.

Mozisi akataura achiti, “Mwari vachakurwirai.” Akafamba achienda mhiri kwegungwa, achibva atambanudza ruoko rwake.

Munana
mukuru
wakaitika.

Mwari
vakazarura
nzira pakati
pemvura, ...

... vana
veIsiraeri
vachibva
vayambuka
zvakanaka.

Mauto aFarao vakatevera vachiti, "Iko zvino tichavabata." Asi Mwari vakavhara nzira yavakanga vaisa.

Vanhu vekuIjipita vakawira muGungwa Dzvuku, vachibva vanyura.

Farao akaziva kuti Mwari vevana veIsiraeri akanga ari mukuru pane zvose.

Tozoonana Farao

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ekisodho 4-15

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16